

Pwoteje Avantaj ou yo kont Detounman! Ki sa Detounman ye?

Detounman se yon kategori vòl. Vòlè yo mete yon dispozitif sou aparèy pou pase kat yo nan yon magazen pou yo kapab kopye enfòmasyon kat EBT, kat kredi ak kat debi yo. Vòlè yo itilize enfòmasyon an pou kreye fo kat EBT, kat kredi, oswa kat debi. Yo rele fo kat sa yo klonn. Yo itilize kat ki klone yo pou vòlè lajan apati kont ki reyèl yo. Tankou pa w la!

Detounman an kapab fèt **nepòt kote** w te pase kat kredi, kat debi oswa kat EBT w la. Anpil fwa, se apati aparèy pou pase kat EBT oswa kat kredi yo ak aparèy ATM yo.

Chèche konnen siy ki demontre genyen fwod yo. Pi ba an, w ap jwenn kèk egzanp ki konn rive nan magazen yo.

Aparèy pou pase Kat EBT/Kat Kredi

Chèche wè si gen yon dispozitif. Li pi gwo pase machin orjinal la.

Dispozitif Detounman


Aparèy Orjinal



Dispozitif detounman an kapab kache kèk pati nan aparèy la.

Si ou reponn **non** pou nepòt nan kesyon yo ki sou bò dwat la,

Piga ou itilize machin nan




Pwoteje Avantaj ou yo ak Lajan w!

Si ou panse yo te kopye kat ou a epi yo vòlè avantaj ou yo, rele Inite Lit kont


Fwod HRA an **tousuit:**

718-722-8001

Èske w wè yon limyè vèt -
Wi oswa Non?



Èske w kapab wè tout sipò kote pou plim lan al tache an?



Wi

Non

Èske w kapab wè limyè ki pa dèyè chif yo? Pou w kapab wè yo, w ap gen bezwen ale yon kote ki pa gen anpil limyè ansanm ak aparèy la.



Wi

Non

Siyale sityasyon kote yo itilize dispozitif detounman yo. Rele Sèvis Fwod HRA a: **718-722-8001**

! Pou w kapab jwenn yon nouvo kat EBT epi chanje kòd (PIN) ou an, rele Liy Asistans EBT an: **888-328-6399**